

PREPARE w pou SIKLÒN

Siklòn yo mete lavi , kay ak tout kominote yo an danje. Aprann sou fason pou pwoteje tèt ou, moun ou renmen yo ak byen ou.




Èske w te konnen...

Depi 1980 kantite **gwo siklòn** nan **Oseyan Atlantik** yo vin **double**.

Oseyan yo ap chofe.

Yo prevwa siklòn yo, sitou gwo siklòn yo, pral rive **pi souvan**.



Tanpèt twopikal (van plis pase 39 kilomèt alè) ak siklòn (van ki gen plis pase 74 kilomèt alè) yo danjere epi yo ka lakòz gwo dega pami plizyè danje tanpèt tankou:



Gwo lapli



Gwo van ak tònad

6"

gwo mouvman dlo ki ka lage w atè



Onn tanpèt ak vag k ap tounen



Inondasyon bò lanmè ak sou tè

1"

mouvman dlo ki ka pouse machin ou

AVAN YON SIKLÒN

□ Vizite Providenceri.gov/PEMA pou:

- Enskri pou alèt ijans.
- Kreye yon twous ijans.
- Fè yon plan ijans.
- Idantifye si oumenm oswa yon moun lakay ou ka bezwen èd anplis. Pou jwenn konsèy, vizite www.ready.gov/disability
- Konnen si w ap viv oswa travay nan yon zòn evakyasyon.
- Lokalize abri ijans yo.

□ Prepare w pou pa gen kouran, dlo, gaz ak entènèt.

- Asire w aparèy elektwonik yo chaje.
- Mete rezèv dlo disponib.

□ Ranfòse kay ou

- Netwaye drenaj ak goutyè yo.
- Mete bagay ki deyò yo andedan kay la.
- Sele fenèt yo ak pòt yo pou dlo pa rantre.

PANDAN YON SIKLÒN

□ Evakye si ofisyèl yo rekòmande l.

□ Chèche abri


- Rete lwen fenèt ak pòt.
- Ale nan etaj ki pi wo a si inondasyon an bloke w.

□ Siveye previzyon yo epi suiv alèt ijans yo.

□ Pa mache, naje, ak kondui nan dlo inondasyon an.

Konnen risk ou yo

Ale sou **coast.noaa.gov/hurricanes** pou wè ansyen siklòn ki te frape Providence yo.



Siveyans ak Avètisman

SIVEYE



Prepare! Siklòn oswa tanpèt twopikal posib nan pwochen 48 èdtan yo.

AVÈTISMAN



Poze aksyon! Nan pwochen 24 èdtan k ap vini yo, yo prevwa van kontinyèl k ap pi plis pase 74 kilomèt alè pou yon siklòn oswa > 39 kilomèt alè pou yon tanpèt twopikal

APRE SIKLÒN

- Suiv enstriksyon ofisyèl sekirite piblik yo.
- Rele 9-1-1 pou rapòte ka ijans (ki gen ladann liy elektrik ki tonbe yo ak fwit gaz).
- Rete deyò batiman ki domaje yo.
- Pwoteje tèt ou pandan w ap netwaye ak gan ak bòt.
- Dezenfekte nenpòt bagay ki mouye.
- Jete manje ki gate.
- Fè foto dega yo epi kontakte konpayi asirans ou an.

Rele 3-1-1 | **PVD311 app**

Sèvis Vil la

Rele 2-1-1

Sèvis Eta a

Rele 9-8-8

Sipò Emosyonèl

